

EKSPLIKASYON POU MOUN K AP FÈ YON TI REKLAMASYON

— Ranpli Pati 1-6 ki nan paj devan fòm nan.

Pati 1. Ou ka fè yon ti reklamasyon sèlman nan tribinal pou zòn kote pleyan an oswa akize a ap viv, oswa kote li gen biznis oswa kote l ap travay. Ou ka fè yon ti reklamasyon kont yon mèt kay ki fèt nan lokasyon yon apatman tou kote apatman an ye a. Ou ka remake li pi fasil pou egzekite yon desizyon anfavè ou si ou fè ti reklamasyon ou kote akize a ap viv la, oswa kote l ap travay, men ou pa gen obligasyon pou fè sa. Biwo Grefye Majistra a kapab di ou ki tribinal ki sèvi yon zòn, ak frè ou dwe peye pou depoze plent ou.

Pati 2. Moun oswa biznis ki fè reklamasyon an rele "pleyan."

Pati 3. Antre non ak adrès postal akize a. Moun oswa biznis ou rele lajistis la rele akize. Si w ap trennen lajistis yon biznis ki pa yon sosyete, ou ta dwe site kòm akize pwopriyete (yo) ki fè biznis anba non an; ou kapab jwenn non pwopriyete (yo) nan biwo Grefye Vil oswa Ti Vil kote biwo biznis lan ye a. Si ou rele yon biznis nan lajistis, epi biznis lan se yon sosyete, ou dwe gen non egal egzat la. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo nan Biwo Divizyon Dosye Sosyete Sekretè Eta a, One Ashburton Place, Sal 1712, Boston, MA 02108 (oswa nan entènèt sou sitwèb <http://corp.sec.state.ma.us/corp/corpsearch/corpsearchinput.asp>).

Pati 4. Mete kantite lajan ou reklame nan plent ou, epi bay yon ti eksplikasyon sou reklamasyon ou.

Endike reklamasyon ou yon fason ki senp pou akize a kapab konprann pou kisa ou rele li nan lajistis.

Endike nenpòt kantite lajan espesifik w ap chèche jwenn pou domaj-enterè, pou plizyè domaj oswa pou sanksyon dapre lalwa, pou frè avoka, oswa pou depans, (tankou kantite pou frè pou fè plent lan), ak kantite lajan total w ap chèche jwenn lan, sof nenpòt enterè w ap chèche jwenn anvan jijman nan tribinal la dapre règleman an. Si reklamasyon ou te fèt anrapò avèk metye ou oswa komès ou, oswa si w ap fè yon reklamasyon pou det ki gen rapò ak metye ou oswa komès ou, endike tou: (1) non kreyansye orijinal la (si non an diferan ak non ou), (2) sèlman kat (4) dènye chif nenpòt nimewo kont kreyansye orijinal la afekte pou ou, epi kantite lajan an ak dat dènye peman an, si genyen. Siyen non ou nan espas yo bay pou sa.

Pati 5. Endike si ou vle fè efò pou medyasyon sou reklamasyon ou.

Pati 6. Si ou konnen nimewo sekirite sosyal akize a, ou ka detèmine si li se yon militè ki nan sèvis aktif nan entènèt sou sitwèb www.dmdc.osd.mil/scra/owa/home; si non, ou dwe voye yon lèt nan katye jeneral fòs lame apwopriye a (ki endike nan www.defenselink.mil/faq/pis/PC09SLDR.html). Si ou pa kapab detèmine si akize a se yon militè ki nan sèvis aktif, epi si akize a pa vini nan tribinal la, tribinal la ka egzije ou pou depoze yon kosyon, oswa li ka ba ou lòt lòd pou pwoteje dwa akize a si akize a se yon militè ki nan sèvis aktif. Pote oswa voye fòm ou ranpli a pa lapòs, avèk tout pati yo nèt, ansanm avèk yon chèk oswa yon chèk postal (ki peyab sou non "Clerk-Magistrate") pou frè plent lan, nan biwo Grefye tribinal kote ou fè plent ou. **Si reklamasyon ou fè a te gen rapò ak metye ou oswa komès ou,**

oswa si ou fè yon reklamasyon pou dèt ki gen rapò ak metye ou oswa komès ou, ou dwe ranpli yon fòm “Verifikasyon Adrès Akize” apa avèk reklamasyon ou, yon fason pou konfime ou te verifye adrès postal akize a nan mannyè ki endike nan fòm nan. Si ou pa fè sa, epi si akize a pa vini nan tribinal la, ou ka pa anmezi pou jwenn yon jijman-pa-defo, epi tribinal la ap anile reklamasyon ou san prejidis. (Egzijans sa a pa aplike si reklamasyon ou te sòti nan afèmaj oswa lokasyon kay twa (3) oswa mwens inite ou ki se kay kote ou abite tou, sof si ou posede, jere, oswa patisipe nan afèmaj oswa lokasyon lòt kay pou moun abite tou.)

EKSPLIKASYON POU PLEYAN AN AK AKIZE A

- 1. KISA YON TI REKLAMASYON YE?** Tribinal ti konfli la pou rezoud pi piti reklamasyon lajan yo, yon fason pou fè li fasil ak mwen chè pou piblik la itilize sèvis tribinal la. Pleyan ki endike nan paj devan fòm sa a prezante yon ti reklamasyon kont akize a pou kantite lajan ak rezon li endike yo. Toulède moun yo dwe vini nan tribinal la nan dat ak lè pwochè a ki endike nan paj devan fòm sa a, sof si pleyan ak akize a rezoud plent sa a anvan sa.
- 2. KI JAN YO FÈ AKIZE A KONNEN REKLAMASYON SA A?** Nou voye yon kopi “Deklarasyon Ti Reklamasyon ak Avi pou Pwochè” ba akize a nan kourye premye klas. Anjeneral, Lwa Jeneral c. 223A, § 6 egzije pou nou voye avi a ba akize ki nan eta a nan kourye sètifye avèk demann pou jwenn resi lè akize a resevwa avi a. Si pleyan an mande sa, tribinal la ap fè pleyan an konnen si Sèvis Lapòs pa t kapab notifye “remèt” akize a kourye a.
- 3. ÈSKE AVOKA NESESÈ NAN TRIBINAL TI KONFLI?** Non, men ou ka anboche youn si ou vle.
- 4. KI “FRÈ” POU MWEN PEYE?** Si pleyan an genyen pwochè a, oswa si toulède moun yo rezoud reklamasyon an, pleyan an ka touche lajan an nan men akize a tou kòm “frè” pou frè pou fè reklamasyon an nan tribinal la ak pou poste avi a.
- 5. ÈSKE AKIZE A GEN OBLIGASYON POU BAY YON REpons?** Akize a pa gen obligasyon pou bay yon repons ekri pou reklamasyon pleyan an. Men, akize a ka voye yon lèt siyen ba tribinal la, avèk yon kopi ba pleyan an, pou fè konnen yon fason ki klè ak senp rezon ki fè pleyan pa ta dwe genyen pwochè a.
- 6. KISA POU MWEN FÈ SI AKIZE A KWÈ PLEYAN AN DWE LI LAJAN?** Nan repons li oswa nan yon lèt apa pou voye ba tribinal la, oswa nan dat pwochè a, akize a ka endike alekri, avèk yon kopi pou pleyan an, nenpòt reklamasyon lajan kont pleyan an ki nan jiridiksyon tribinal ti konfli yo (yon “kont-reklamasyon”). Tribinal la ap travay sou toulède reklamasyon yo kòm yon plent, si akize a voye yon kopi reklamasyon li pa lapòs ba pleyan nan omwen dis (10) jou anvan dat ki pwograme pou pwochè a, oswa si majistra a egzije pou tribinal la travay sou reklamasyon yo konsa. Kont-reklamasyon sa yo pa obligatwa.
- 7. KISA POU MWEN FÈ SI AKIZE A DAKÒ LI DWE TOUT LAJAN AN?** Akize a ta dwe kontakte pleyan an pou fè aranjanman pou peye lajan an. Si peman an pa fèt anvan dat pwochè a,

pleyan ak akize a dwe vini nan tribinal la, oswa yo dwe ranpli fòm ofisyèl "Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman" nan tribinal la. Fòm sa a endike sous revni ki egzonerè nan nenpòt lòd peman.

8. KISA POU MWEN FÈ SI AKIZE A DAKÒ LI DWE LAJAN AN, MEN LI BEZWEN TAN POU PEYE?

Si pleyan an ak akize a dakò sou yon kalandriye peman ki pwopoze, yo dwe ranpli fòm ofisyèl "Akò pou Jijman ak pou Lòd Peman" nan tribinal la. Si sa pa fèt anvan dat pwochè a, pleyan an ak akize a dwe vini nan tribinal la nan dat la. Akize a dwe ranpli yon fòm "Etadkont Finansye", epi li dwe bay rezon ki fè li mande tan pou peye a.

9. KISA POU MWEN FÈ SI AKIZE A KWÈ LI PA DWE ANYEN, OSWA LI KWÈ LI DWE SÈLMAN YON PÒSYON NAN KANTITE LAJAN MWEN REKLAME A? Akize a dwe vini nan tribinal la nan jou pwochè a, epi l ap kapab mande si li dwe lajan, epi si li dwe lajan an vre, ki kantite lajan li dwe a.

10. KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA KAPAB VINI NAN TRIBINAL NAN JOU PWOCHÈ A? Rele oswa voye yon lèt ba moun ki nan pati opoze a pou mande li pou dakò pou ranvwaye dat ("kontinye") pwochè a. Ta dwe gen ajounman pou rezon ki valab sèlman, tankou maladi, yon ijans, oswa si yon temwen pa disponib. Ou dwe voye yon lèt ba Grefye tribinal la pou mande pou tribinal la ba ou yon ajounman, kit ou kapab oswa pa kapab jwenn moun ki nan pati opoze a, epitou si toulède moun yo dakò oswa pa dakò pou yon ajounman pwochè a. Pa rete tann nan dènye minit lan. Si lòt moun nan fè yon demann ki rezonab pou yon ajounman, sa ka elimine pwoblèm pou ou si ou dakò avèk demann lan.

11. KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA VINI NAN TRIBINAL NAN JOU PWOCHÈ A? Si akize a pa vini pou pwochè a, epi si pleyan an vini, tribinal la ap ka pwononse yon jijman-pa-kontimas, epi pou egzije akize a pou peye kantite lajan pleyan an reklame a. Majistra a ka mande pleyan an pou bay kèk prèv pou reklamasyon an, menmsi akize a pa la. Si pleyan an pa vini pou pwochè a, epi si akize a vini, tribinal la ap pwononse yon jijman pou akize a. Si ni pleyan an ni akize a pa vini nan tribinal pou pwochè a, tribinal la ap anile reklamasyon an.

12. KI JAN MWEN TA DWE PREPARE POU PWOCHÈ A? Li ka bon pou ekri davans enfòmasyon ki sou plent lan a nan lòd yo te pase a. Sa ap ede ou òganize panse ou yo pou fè yon prezantasyon istwa a klè. Nan dat pwochè a, ou dwe vini avèk nenpòt temwen, chèk, bòdwo, papye, foto, oswa lèt k ap ede ou pwouve plent ou. Si ou bezwen yon temwen pou vini nan tribinal la, men temwen an p ap vini, mande biwo Grefye a yon asiyasyon pou fè temwen an vini nan tribinal, epi ou dwe fè aranjman pou fè yon ofisye lapolis oswa yon cherif adjwen pote asiyasyon an ba temwen an. Ou ka bezwen yon temwen-kle pou pwouve nenpòt zafè ki pa nan eksperyans komen. Pleyan an dwe pwouve reklamasyon an se yon reklamasyon lalwa rekonèt, epi li dwe pwouve akize a responsab, oswa majistra a ap pran yon desizyon pou akize a.

13. KISA K AP PASE NAN JOU PWOCHÈ A? Asire ou rive alè. Si yon medyatè pa rezoud plent ou, gen yon pwochè k ap fèt devan yon jij. Majistra a ap mande pleyan an pou rakonte istwa a dapre li, answit akize a ap rakonte istwa a dapre li. Chak moun ap jwenn yon posiblite pou poze lòt moun nan ak temwen lòt moun nan kesyon. Pou pleyan an genyen pwochè sa, lalwa

egzije li pou pwouve reklamasyon li an valab.

14. **KISA MAJISTRA A AP FÈ?** Majistra a ap pran yon desizyon. L ap bay oswa voye avi desizyon an (ki rele yon “jijman”) ba chak moun.

15. **ÈSKE MWEN KAPAB FÈ APÈL KONT DESIZYON MAJISTRA A?** Lè pleyan an fè yon reklamasyon nan tribinal ti konfli, pleyan an (ak akize a tankou nenpòt kont-reklamasyon) abandone dwa pou fè yon jiri pran desizyon sou reklamasyon ak dwa pou fè apèl kont desizyon jiri a si li pèdi pwochè a. Si akize a pèdi pwochè a (oswa si pleyan an pèdi nan nenpòt kont-reklamasyon) devan majistra a, li kapab fè apèl pou yon nouvo pwochè yon jij oswa jiri ap fè pou nenpòt kesyon reyalite ki konteste, men li dwe peye yon kosyon, sof si egzijans sa a anile. (Rev. 10/09)

ENFÒMASYON SOU JIJMAN POU TI REKLAMASYON

Yo pran yon desizyon sou plent pou ti reklamasyon ou. **Jijman** an (desizyon an) majistra a, jij la oswa jiri a endike nan jijman an. Yon **Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman** se yon moun (oswa biznis) ki genyen pwochè a, epi ki gen dwa pou touche lajan. Yon **Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman** se yon moun (oswa biznis) ki pèdi pwochè a, epi ki dwe lajan an. Mo **reklamasyon** vle di yon reklamasyon pou domaj-enterè sou fòm lajan. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade chapit 218 Lwa Jeneral Massachusetts, seksyon 21-25 (www.mass.gov/legis/laws/mgl/218-21.htm), ak Règ III pou Tribinal Premye Enstans, Règ Inifòm pou Ti Reklamasyon (www.mass.gov/courts/districtcourt). Dokiman sa yo disponib nan nenpòt bibliyotèk piblik oswa bibliyotèk legal.

SI OU GENYEN PWOCHÈ A DEVAN MAJISTRA A

Si lòt moun nan rele ou nan lajistis epi li genyen, lòt moun nan pa ka fè apèl kont desizyon majistra a anfavè ou. *Si ou te rele yon lòt moun nan tribinal epi ou te genyen pwochè a*, epi majistra te akòde ou lajan pou sa, ou kapab touche lajan an jouk lè Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman fè apèl ekspire, oswa jouk lè yo pran desizyon sou nenpòt apèl. Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa fè apèl, oswa si ou genyen ankò nan apèl la, anba la a se kèk etap ou ka fè pou touche lajan ou. Lè ou touche tout lajan jijman an, ou dwe fè biwo grefye a konnen sa alekri nan 10 jou. Ou pa gen obligasyon pou itilize okenn fòm espesyal, men yon fòm *Avi Satisfaksyon* disponib nan biwo grefye a pou objektif sa a.

1. **Mande peman an** Mande Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou peye ou lajan an oswa pou remèt ou pwopriyete a, selon lòd majistra a.

2. **Odyans pou peman** Si majistra a pwograme yon odyans pou peman, epi Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa peye lajan an anvan odyans lan, majistra a ap egzamine mwayen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou peye lajan, epi li ka egzije pou moun nan fè peman imedyatman, oswa li ka egzije yon plan peman. Se ou ki gen responsablite pou pwouve Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an kapab peye san li pa itilize revni ki egzonere dapre lalwa. Ou ka egzamine fòm *Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an* li a, epi ou ka

bay majistra a nenpòt enfòmasyon ki enpòtan pou mwayen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an genyen pou peye. Si majistra a detèmine Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa gen mwayen pou peye nenpòt lajan kounye a, ou ka mande majistra a pou pwograme afè a pou revize nan yon lòt dat.

3. **Avi pou montre rezon** Si majistra a pa pwograme yon odyans pou peman, epi si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa peye lajan an, mande biwo grefye a pou ba ou yon *Avi pou Montre Rezon*, pou manje Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou vini nan tribinal la. Ou dwe la nan tribinal nan dat la. Ou dwe peye yon frè ba yon ajan lapolis minisipal oswa ba yon cherif adjwen konte a pou remèt fòm sa a ba Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an, men kantite lajan an ap ajoute sou sa Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an dwe a.

4. **Capias (manda-darè sivil)** Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa vini nan odyans pou peman dapre lòd li resevwa, oswa apre li fin resevwa yon *Avi pou Montre Rezon*, mande biwo grefye a pou ba ou yon *Capias* (yon manda-darè sivil) pou Moun ki Dwe Lajan an dapre Jijman an. Ou dwe peye yon frè ba yon ajan lapolis oswa ba yon cherif adjwen pou arete Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou mennen li nan tribinal la, y ap ajoute kantite lajan an sou sa Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an dwe ou. Bay ajan lapolis la oswa cherif adjwen an nimewo telefòn lajounen ou, epi mande li pou kontakte ou lè li mennen Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an nan tribinal la.

5. **Tit egzekisyon** Si ou kapab idantifye nenpòt pwopriyete Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an (byen imobilye, veyikil-a-motè, elatriye) yo ta ka pran ak vann pou peye jijman ou, apre odyans pou peman an, mande biwo grefye a pou ba ou yon *Tit Egzekisyon*. Si pa gen odyans pou peman ki pwograme, ou ka mande yon *Tit Egzekisyon* 30 jou apre dat jijman an. Ou dwe bay yon ajan lapolis oswa yon cherif adjwen *Tit Egzekisyon* an pou sezi ak vann pwopriyete Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pou peye jijman an.

SI OU PÈDI PWOSÈ A DEVAN MAJISTRA A

Si ou te rele lòt moun nan lajistis, epi ou te pèdi pwosè a, epi majistra a pa t akòde okenn lajan, desizyon an se yon desizyon ki final. Ou pèdi pwosè ou, epi lòt moun nan pa gen pou peye ou anyen. Ou *pa* ka fè apèl kont desizyon majistra a pran kont ou. *Si lòt moun nan te rele ou nan lajistis, epi ou te pèdi*, majistra a ap egzije pou peye lòt moun nan lajan, ou dwe fè youn nan kat (4) bagay sa yo:

1. **Peye tout lajan jijman an nan 30 jou** Ou dwe peye tout lajan jijman an si ou gen mwayen finansye pou fè sa. Ou *pa* gen obligasyon pou peye jijman an nan revni lalwa egzonere. Si ou pa peye kantite lajan an dapre lòd la, epi si ou kapab fè sa, yo ka konsidere ou manke tribinal la dega, epi yo ka mete ou prizon, oswa yo ka mete frè anplis pou peye. Peye tout lajan an dirèkteman ba Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an, sof si majistra a pran yon lòt desizyon. Si majistra a egzije pou retounen pwopriyete ba Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an, ou dwe fè sa. Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an dwe fè tribinal la konnen alekri lè li peye tout lajan an nan 10 jou ki vini apre jijman an. Ou ka vle asire sa fèt pou ka pwoteje dosye kredi ou. Si Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an refize fè sa, ou ka mande tribinal la pou antre yon desizyon nan rejis plent lan.

2. Mande majistra a pou prepare yon plan peman *Si majistra a pwograme yon odyans pou peman*, nan odyans lan, ou ka mande majistra a pou egzije yon plan peman ou gen mwayen pou respekte, oswa pou detèmine ou pa kapab peye anyen kounye a. Si ou mande yon plan peman, oswa yon ti tan pou fè peman an, ranpli fòm *Etadkont Finansye Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman* ou jwenn nan anvlòp la, voye yon kopi ba Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an, epi vini avèk li nan odyans lan, ansanm avèk nenpòt dokiman ou genyen konsènan sitiyasyon finansye ou (fòm taks, souch salè ou, elatriye). Ou ka jwenn fòm nan ak yon lis revni ki egzonerè dapre lalwa nan sitwèb www.mass.gov/courts/districtcourt, oswa nan biwo grefye a. *Si majistra a pa pwograme yon odyans pou peman* epi ou vle mande yon plan peman, oswa yon ti tan pou fè peman an, mande biwo grefye a pou pwograme yon odyans pou peman devan yon jij. Pa rete tann jouk lè ou vin gen obligasyon pou ale nan tribinal, oswa ou ka responsab pou peye lòt frè. Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an ka pa jwenn yon Tit Egzekisyon pou sezi ak vann pwopriyete ou jouk apre premye odyans pou peman an (oswa si pa gen odyans pou peman ki pwograme, jouk 30 jou apre jijman an). Apre sa, Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an ka fè sa, menmsi ou fè peman chak peryòd, sof si nou toulède dakò li p ap fè sa pandan w ap fè peman yo.

3. Apèl kont desizyon yon jij oswa yon jiri *Si ou pa vini nan pwosè a devan majistra a* (sa rele yon non-konparisyon), ou pa ka fè apèl kont desizyon majistra a pran sou reklamasyon lòt moun nan. *Si ou te ale nan pwosè a devan majistra a*, ou ka fè apèl pou gen yon nouvo pwosè swa devan yon jij oswa devan yon jiri. Pou fè sa, nan 10 jou ki vini apre ou resevwa avi ekri desizyon majistra a, ou dwe ranpli fòm *Apèl kont Reklamasyon Akize* nan biwo grefye a, pou fè konnen si ou vle yon pwosè devan yon jij oswa devan yon jiri, ansanm avèk frè \$25 pou apèl la (ki pa ranbousab), ak yon kosyon oswa depo \$100 pou apèl la (ki ranbousab si ou genyen apèl la, oswa y ap kredite lajan sa a kont sa ou dwe a, si ou pèdi apèl la). Kosyon oswa depo apèl la pi gran si ou se yon mèt kay yo rele nan lajistis pou remèt yon depo sekirite lokatè kay. Frè ak kosyon apèl la ka redwi oswa anile si ou pa gen mwayen ditou pou peye li. Nan apèl la, jij la oswa jiri a ap pran yon lòt desizyon, men yo ka konsidere desizyon majistra a te pran anvan kont ou sou reklamasyon an.

4. Fè yon mosyon pou anile jijman an Kit ou te vini kit ou pa t vini nan pwosè a devan majistra a, ou ka mande majistra a pou anile jijman an si ou gen yon rezon valab. Ou dwe fè yon demann konsa alekri nan yon ane sof si demann lan baze sou si ou pa t resevwa avi ti reklamasyon an. Pou fè yon demann konsa, mande biwo grefye a pou ede fè ak pwograme yon *Mosyon pou Anile Jijman*.

ÈSKE OU GEN OBLIGASYON POU NAN TRIBINAL LA POU ODYANS POU PEMAN AN?

Si yo pwograme pwosè sa a pou yon odyans pou peman, epi tout kantite lajan jijman an pa peye anvan dat la:

1. Si peman an yo fèt alè: Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an respekte lòd peman Tribinal la, lè sa a ni Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman ni Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman pa gen obligasyon pou nan tribinal la pou odyans ki pwograme pou peman an.

2. Si peman yo pa fèt alè oswa si pa gen lòd pou peman: Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an respekte lòd peman Tribinal la, lè sa a Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman ak Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman fèt pou nan tribinal la pou odyans ki pwograme pou peman an. *Si Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa vini nan tribinal la, epi Moun ki Dwe Resevwa Lajan dapre Jijman an fè konnen, anba sanksyon pou fo temwayaj, Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an pa respekte lòd Tribinal la pou peman an, lè sa a san okenn avi, Tribinal la ka bay yon manda-darè sivil (capias) pou are Moun ki Dwe Peye Lajan dapre Jijman an.*